

Kategori : **ELÈV**

Pibliye: 28 JEN 2011

Nimewo : **A-250**

Sijè : **SÈTIKI TRAVAY**

Paj: **1 nan 1**

## **REZIME CHANJMAN YO**

Règleman sa a ranplase Règleman Chanselye A-250 ki gen dat 20 novanm 2008.

### **Chanjman:**

- Yo chanje referans yo te fè sou lekòl entèmedyè yo an referans sou lekòl presegondè. (paj1, Rezime; paj 2, Seksyon III; paj 3, Seksyon IV).
- Yo otorize Defansè Dwa Fanmi yo District Family Advocates(DFA) pou delivre tout tip sètifika travay ak pèmi lè lekòl fèmen, ak nan kèk lòt sikontans ki limite. (paj 2, Seksyon III; paj 3 Seksyon IV(C)).

**REZIME**

Reglement sa a anile ak ranplase CR A-250 ki gen dat 5 septanm 2005 lan epi li rezime pwosedi pou yo delivre sètifikasi travay pou elèv Vil Nouyòk. Lwa Eta a egzije pou yo delivre sètifikasi travay pou elèv ki elijib pou resevwa yo. Se sèlman manm estaf nan lekòl (leta ak prive)ki gen otorizasyon legal pou delivre sètifikasi travay. Yo egzije tout lekòl segondè ak lekòl presegondè leta pou delivre sètifikasi travay pou elèv ki nan lekòl sa yo ki mande sètifikasi sa a. Yo egzije tou tout lekòl segondè leta pou delivre sètifikasi travay pou elèv ki nan lekòl prive. Yo egzije tout lekòl leta pou delivre sètifikasi travay jiska dènye jou lekòl la nan chak ane lekòl. Yo egzije lekòl segondè ak lekòl presegondè k ap fonksyon pandan ete a pou delivre sètifikasi travay pandan ete a.

**I. KONDISYON POU SÈTIKA TRAVAY**

- A. Tout minè ki poko gen 18 lane(paegzanp elèv kolèj, diplome lekòl segondè, travayè ki marye ak travayè volontè) dwe gen sètifikasi travay pou yo ka travay(men eksepsyon yo pi ba a). Sepandan, yo pa egzije sètifikasi travay pou yon minè ki gen 16 lane pou pi piti ki nan yon enstitisyon siperyè yo rekonèt epi k ap travay pou yon kolèj oswa inivèsite ki pa la pou fè pwofi. Yo pa egzije minè ki gen 14 lane pou pi piti pou gen sètifikasi travay pou yo travay kòm caddies, moun k ap gade timoun, babysitters oswa pou yo fè djòb enfòmèl tankou travy lakou ak travay menajè nan kay oswa nan yon òganizasyon ki pa la pou fè pwofi, ki pa komèsyal, ki pa gen rapò ak itilizasyon machin ak motè. Minè ki gen 16 lane k ap travay nan agrikilti pa oblige gen yon sètifikasi travay. Yo pa egzije sètifikasi travay apre yon elèv fin gen 18 lane.
- B. Sètifikasi travay se yon pwosedi legal ki obligatwa dapre Lwa edikasyon ak lwa travay Eta Nouyòk. Estaf lekòl ki gen responsabilite pou sètifikasi travay ap aji nan non Chanselye a.

**II. PWOSEDI POU SÈTIKA TRAVAY**

Chak direktè oswa reprezantan yon lekòl presegondè oswa lekòl segondè dwe aplike yon orè sèvis sètifikasi ki pral:

- 1. Alète popilasyon elèv la sou kote ak lè sèvis sètifikasi travay la ap disponib.
- 2. Administre sèvis sètifikasi travay la jiska dènye jou kalandriye ofisyèl lekòl la ak pandan lekòl ete(si yo ouvri pou lekòl ete).
- B. Elèv minè yo gen dwa pou yo resevwa sètifikasi travay ki apwopriye. Otorite lekòl yo pa ka refize yo san rezon legal. Eksepte nan ka yo tabli pi ba a, yon sètifikasi travay ekspire dezan apati dat yo delivre l la.

Aplikan pou sètifikasi travay yo (apa aplikan pou modèl timoun ki poko gen 12 lane) dwe aplike anpèsòn pou siyen sètifikasi a ak/oswa pèmi an.

- D. Laj minimòm pou anaplwa jeneral se 14 lane. Elèv yo gen dwa poko gen sètifikasi jeneral travay avan yo gen 14 lane.
- E. Yo dwe mete yon nimewo sou tout sètifikasi travay. Chak kategori sètifikasi ap gen de seri nonb konsekutif separe, yonn pou gason ak yonn pou fi, apati premye livrezon tip sètifikasi sa a an septanm chak ane lekòl.
- F. Yo dwe konsève dosye sètifikasi travay yo nan yon rejis santral nan lekòl la jiskaske minè a gen 21 lane. Yo dwe disponib si lalwa egzije pou prezante yo. Yo dwe mete yo nan katab ki gen dosye final elèv la lè yo fè yon transfè lekòl.
- G. Lekòl yo ta dwe konseye elèv yo pou yo jwenn sètifikasi travay avan yo kite Vil Nouyòk si yo gen entansyon travay nan kominate ki nan zòn anwo eta Nouyòk. Ou ka jwenn sètifikasi travay andeyò Vil Nouyòk si dokiman obligatwa yo disponib.
- H. Ou ka resevwa Pèmi pou timoun pefòman Child Performer Permits sèlman atravè New York State Department of Labor, Division of Labor Standards, Permit and Certificate

Program. Yo ka jwenn enfòmasyon nan sit wèb Depatman travay Department of Labor nan <http://www.labor.state.ny.us/>.

- I. Lwa Eta a fikse orè travay yo pèmèt pou minè ki poko gen 18 lane(Gade dokiman siplemantè No. 1 – “orè travay yo pèmèt pou minè ak dokiman siplemantè No. 4 “Eksplikasyon Eksepsyon yo”). Yo ka pwolonje lè yo nan kèk ka pandan ane lekòl la lè lekòl ouvri, epi ofisyè ki bay sètifica nan lekòl elèv la dwe apwouve I. (Gade dokiman siplemantè No. 2 – Modèl rannman akademik ki satisfezan).

### **III. RESEVWA YON SÈTIKA TRAVAY**

Pou resevwa yon sètifica travay, elèv la dwe soumèt yon fòm “ aplikasyon pou sètifica travay” *“Application for Employment Certificate”* (Form AT-17), gade dokiman siplemantè No. 3) ba otorite k ap delivre I la. Ou ka download fòm sa a nan:

<http://schools.nyc.gov/StudentSupport/StudentAttendance/WorkingPapers/default.htm>.

Ou ka jwenn Fòm “Application for Employment Certificate” lan ak tout tip sètifica travay ak pèmi nan lekòl segondè, lekòl presegondè oswa lekòl entèmedyè leta elèv la. Lè lekòl leta yo fèmen, ou ka jwenn sètifica travay la nan men DFA a.

“Application for Employment Certificate” lan (Form AT-17) gen sis pati sa yo:

#### **1ye Pati – Konsantman Paran**

Se aplikan an ak paran/gadyen an ki ranpli I. Paran an oswa gadyen an dwe siyen aplikasyon an.

Pou travay a *tanplen* (premye sètifica sèlman), paran an oswa gadyen an dwe prezante nan sant sètifikasyon an pou siyen aplikasyon an sofisi minè a se yon diplome lekòl segondè epi li prezante dokiman.

Pou travay a *tanpasyèl* ak tout lòt sètifica travay, paran an oswa gadyen an dwe siyen aplikasyon an, men li pa bezwen prezante anpèsòn.

#### **2yèm Pati – Prèv laj**

Yo ka aksepte dokiman orijinal sa yo kòm prèv laj depi dat nesans minè a parèt nan dokiman an: batistè(ak so ofisyèl), sètifikasi batèm, paspò (valid oswa ekspire), papye sitwayènte, lisans chofè, oswa nenpòt lòt prèv laj nan dosye lekòl ki egziste depi dezan pou pi piti.

#### **3yè Pati – Sètifica byennèt fizik**

Aplikan an dwe prezante yon papye doktè ke yon founisè swen sante, doktè depatman sante oswa doktè prive siyen ak *plim* ki di ke li an bòn sante pou I travay. Si memo doktè a di gen limit, otorite ki delivre sètifica a ap bay aplikan an yon “sètifica travay ki limite” *“Limited Employment Certificate”* epi I ap presize travay, patwon ak dat ekspirasyon ki sou sètifica a dirèkteman.

#### **4yèm pati – Pwomès travay**

Se sèlman patwon k ap bay travay la ki dwe ranpli seksyon sa a dapre kondisyon sa yo: aplikan an gen 16 oswa 17 lane k ap chèche travay aplen tan epi ki pa gen diplòm lekòl segondè; oswa si yo bay aplikan an yon “sètifica travay ki limite” *“Limited Employment Certificate.”*

#### **5yèm Pati – Dosye lekòl**

Se lekòl elèv la ki dwe ranpli seksyon sa a si I abandone lekòl ak si li gen plis pase 16 lane epi si I gen yon sètifica travay atan plen.

#### **6yèm Pati – Sètifica travay**

Pati aplikasyon sa a gen ladan I enfòmasyon enpòtan konsènan livrezon sètifica travay la. Sa gen ladan I nimewo ofisyèl, dat livrezon, sant ak adrès ki delivre sètifica a ak siyati otorite ki delivre I.

- A. Yon aplikan pou yon sètifica atan plen ki gen 16 oswa 17 lane epi ki vle kite lekòl avan li diplome dwe gen konsantman paran I epi patisipe nan yon entèvyou pou planifikasyon *Planning Interview*. Se yon konseye pedagojik, asistan direktè, direktè oswa yon lòt reprezantan direktè a ki fè Planning Interview. Objektif Planning Interview a se pou ranfòse enpòtans yon diplòm lekòl segondè, diskite posiblite pou rete lekòl ak bay

enfòmasyon sou pwogram edikatif altènatif ak dwa elèv pou ale lekòl jiska laj 21 lane.

- B. Si yon minè ap travay ak plis pase yon patwon atan pasyèl nan moman an, chak patwon dwe kenbe yon sètifika travay orijinal nan dosye pandan peryòd anplwa minè a. Yo dwe prezante yon aplikasyon (Form AT-17), ak 2yèm pati a (konsantman paran) ki tou ranpli ak siyen ba biwo k ap delivre sètifika a pou chak sètifika travay anplis.
- C. Yo ka ranplase yon sètifika travay ki pèdi oswa chire lè elèv la prezante yon lòt aplikasyon (AT-17). Se sèlman 1ye pati dezyèm aplikasyon an (konsantman paran) ki bezwen ranpli si dokiman sou sètifika orijinal la (aplikasyon ki te ranpli avan ak sètifika byennèt fizik nan ane a) nan dosye biwo k ap delivre sètifika pou ranplase premye a.

#### **IV LOKAL KI BAY SÈTIKA**

Tout lekòl segondè ak lekòl presegondè leta dwe delivre sètifika travay ba elèv ki nan lekòl sa yo, si yo mande l. Tout lekòl segondè leta dwe delivre sètifika travay ba elèv ki nan lekòl prive si yo mande sa.

- A. Lekòl leta - Estaf lekòl yo endike pou sa bay sètifika travay pou:
  - 1. Tout elèv ki gen 14 rive 17 lane ki sou lis yo.
  - 2. Tout ansyen elèv ki gen 16 rive lane ke yo te ranvwaye nan yon lekòl segondè nan entèval yon lane apati dat aktyèl la epi ki ke yo pa admèt nan yon lòt lekòl leta Vil Nouyòk.
  - 3. Tout elèv ki gen 11 rive 17 lane ki fè demann pèmi pou bay nouvèl.
  - 4. Yo egzije tout lekòl segondè pou delivre sètifika travay ba elèv lekòl prive ki nan lekòl ki pa delivre sètifika travay. Elèv ki nan lekòl prive dwe prezante dokiman sou dosye aktyèl lekòl la.
- B. Lekòl prive - Estaf lekòl ki la pou sa nan lekòl prive ak lekòl pawasyal ki otorize ka delivre sètifika travay epi nou ankouraje yo pou yo fè sa pou yo ka fasilité elèv yo. Yo otorize lekòl prive yo delivre sètifika travay lè elèv yo fin suiv avèk siksè trening Depatman Edikasyon Vil Nouyòk New York City Department of Education (NYCDOE). Yo fè trening yo si yo mande sa. Lekòl prive yo ka delivre sètifika travay nan fason sa yo:
  - 1. Tout elèv ki gen 14 rive 17 lane ki sou lis yo.
  - 2. Tout elèv ki gen 11 rive 17 lane ki sou lis yo epi ki fè demann pèmi pou bay jounal.
- C. DFA ak defansè dwa fanmi nan borough yo disponib pou delivre tout tip sètifika travay ak pèmi ba:
  - 1. Elèv ki bezwen sètifika travay atan plen lè lekòl fèmen.
  - 2. Minè ki pokonbo gen 18 lane ki mande pèmis travay espesyal (modèl timoun, moun k ap bay jounal, machann lari ak travayè fèm.)
  - 3. Elèv lekòl prive ki pokonbo gen 18 lane, si lekòl la pa delivre sètifika.
  - 4. Minè ki soti nan yon lòt Eta ki pokonbo gen 18 lane.

#### **V. TIP SÈTIKA AK PÈMI TRAVAY**

- A. Sètifika travay atan plen - Yo delivre l ba yon minè ki gen 16 oswa 17 lane ki gen yon "pwomès pou travay" popu travay atan plen, ki deklare entansyon l pou kite lekòl epi ki fè yon entèvyou pou kite lekòl oswa ki diplome nan lekòl segondè.
- B. Sètifika jeneral travay pou elèv - Sètifika jeneral Travay pou elèv - Yo delivre l ba yon minè ki gen 16 oswa 17 lane ki nan yon lekòl lajounen men ki vle travay apre lè lekòl, pandan peryòd vakans, oswa pou toulede anmenm tan.
- C. Sètifika travay ki pa travay faktori pou elèv - Yo delivre l ba yon minè ki gen 14 oswa 15 lane ki nan yon lekòl lajounen men ki vle travay apre lè lekòl, pandan peryòd vakans, oswa pou toulede anmenm tan.

- D. Sètifikasi travay ki limite Limited Employment Certificate - Yo delivre I ba minè ki gen laj 14 rive 17 lane ki gen yon limit medikal pou yo travay, dapsè tip patikilye sètifikasi yo endike a.. Yon sètifikasi travay limite valab pou yon peryòd sis mwa. Sepandan, si doktè ki fè egzamen an endike nan sètifikasi byennèt fizik limite a ke andikap fizik minè a pèmanan, sètifikasi a pa p ekspire nan fen sizyèm mwa a men I ap rete valid toutotan nati ak tip travay yo presize nan pwomès travay la rete menm.
- E. CPèmi pou modèl minè - Yo delivre I ba yon minè soti enfans rive 17 lane depi yo soumet yon orijinal papye doktè, dosye lekòl (si I gen laj pou ale lekòl) ak prèv laj..
- F. Pèmi pou komès lari -- Yo delivre I ba yon minè ki gen laj 14 rive 17 lane pou angaje nan travay vann jounal oswa magazin (ke yo achte nan men founisè) nan lari oswa nan lòt plas piblik. Li gen ladan tou yon minè 14 lane ki travay ak tèt li nan domèn netwayaj soulye nan lari oswa nan lòt plas piblik (Form AT-22).
- G. Pèmi pou travay nan fèm – Espesyal - Yo delivre I ba yon minè ki gen plis pase 12 lane pou angaje nan travay rekòt berries, fwi ak legim alamen (Form AT-25).
- H. Pèmi pou travay nan fèm - Yo delivre I ba yon minè ki gen 14 oswa 15 lane pou angaje nan travay nan fèm (Form AT-222).
- I. Pèmi pou bay jounal - Yo delivre I ba yon minè (ki anplwaye sou baz salè) jiska 17 lanepou angaje nan travay bay jounal oswa materyèl enprime ba kliyan lakay yo oswa nan biznis. Yo pa egzije yon sètifikasi byennèt fizik pou yo bay yon pèmi pou moun k ap bay jounal si aplikan an gen dokiman ki pwouve li kalifye.

#### **VI. REVOKASYON**

Yo ka anile yon sètifikasi oswa yon pèmi si otorite lekòl la deside travay la afekte prezans, pwogrè nan lekòl, sante ak byennèt ki obligatwa pou elèv la nan lekòl. Yo ka anile sètifikasi oswa pèmi yo si otorite lekòl la dekouvri livrezon sètifikasi a oswa pèmi a te baze sou fo enfòmasyon. Nan ka sa yo, otorite lekòl la dwe bay avètisman rezonab avan yo anile sètifikasi oswa pèmi an.

#### **VII. KESYON**

Si gen kesyon konsènan règleman sa a, voye yo ba:

<u>Telefòn:</u> 212-374-6095	<i>Office of School and Youth Development</i> N.Y.C. Department of Education 52 Chambers Street New York, NY 10007	<u>Faks:</u> 212-374-5751
---------------------------------	---	------------------------------

**KANTITE ÈDTAN YO PÈMÈT YON MINÈ TRAVAY**

Tablo sa a se yon rezime kantite èdtan Lwa Travay Eta Nouyòk otorize yon minè travay. Lwa sa a aplikab pou minè ki po ko gen 18 lane.

Laj	Domèn/Okipasyon	Kantite èdtan maksimòm pa jou	Kantite èdtan maksimòm pa semèn	Kantite jou maksimòm pa semèn	Kantite èdtan yo pèmèt pou
<b>Minè - Lè lekòl ap fonksyone</b>					
14 lane ak 15 lane	Tout okipasyon eksepte travay nan fèm, travay pou bay jounal, ak komès nan lari	3 èdtan jou lekòl; 8 èdtan lòt jou	18 èdtan <sup>1</sup>	6	7 :00 AM – 7 :00 PM
16 lane ak 17 lane	Tout okipasyon eksepte travay nan fèm, travay pou bay jounal, ak komès nan lari	4 èdtan jou ki vin anvan jounen lekòl (Lendi, Madi, Mèkredi, Jedi) <sup>2</sup> ; 8 èdtan nan Vandredi, Samdi, Dimanch, ak jou fèt <sup>4</sup>	28 èdtan <sup>4</sup>	6 <sup>4</sup>	6 :00 AM pou 10 :00 PM <sup>3</sup>
<b>Minè - Lè lekòl P AP fonksyone</b>					
14 lane ak 15 lane	Tout okipasyon eksepte travay nan fèm, travay pou bay jounal, ak komès nan lari	8 èdtan	40 èdtan	6	7 :00 AM – 9 :00 PM 21 jen jiska Labor Day
16 lane ak 17 lane	Tout okipasyon eksepte travay nan fèm, travay pou bay jounal, ak komès nan lari	8 èdtan <sup>4</sup>	48 èdtan <sup>4</sup>	6 <sup>4</sup>	6 :00 AM jiska Minwi <sup>4</sup>
<b>Minè – ki PA lekòl</b>					
16 lane ak 17 lane	Tout okipasyon eksepte travay nan fèm, travay pou bay jounal, ak komès nan lari	8 èdtan <sup>4</sup>	48 èdtan <sup>4</sup>	6 <sup>4</sup>	6 :00 AM jiska Minwi <sup>4</sup>
<b>Travay nan fèm</b>					
12 lane ak 13 lane	Pou ranmase gress, fwi, ak legim avèk men yo.	4 èdtan	—	—	7 :00 AM – 7 :00 PM 21 jen jiska Labor Day; 9 :00 AM to 4 :00 PM jou ki vin apre Labor Day jiska 20 jen
Timoun ki gen 14 lane ak timoun ki pi gran	Nenpòt travay nan fèm.	—	—	—	—
<b>Travay pou bay jounal</b>					
Timoun ki gen laj 11 lane jiska 18 lane	Pou delivre oswa vann ak bay jounal, revi komèsyal kay moun oswa nan biznis.	4 èdtan jou lekòl; 5 è lòt jou	—	—	5 :00 AM – 7 :00 PM oswa 30 minit anvan solèy kouche, kèlkeswa sa ki rive avan an
<b>Komès nan lari</b>					
Timoun ki gen laj 14 lane jiska 18 lane	Timoun k ap travay pou tèt yo nan zòn publik k ap vann jounal oswa k ap travay kòm chanj.	4 èdta n jou lekòl; 5 èdtan lòt jou	—	—	6è00 AM - 7è00 PM

- 
- <sup>1</sup> Elèv ki gen 14 lane ak 15 lane ki nan yon pwogram etid apwouve ka travay 3 èdtan jou lekòl, 23 èdtan nenpòt semèn lè lekòl ap fonksyone.
  - <sup>2</sup> Elèv ki gen 16 lane ak 17 lane ki nan yon Pwogram Edikasyon kowoperatif *Cooperative Education Program* ki apwouve ka travay jiska 6 èdtan jou ki vini anvan yon jounen lekòl ki pa Dimanch oswa jou fèt lè lekòl ap fonksyone toutotan lè yo koödone avèk pwogram lan.
  - <sup>3</sup> ka travay 6 :00 AM jiska 10 :00 PM oswa jiska minwi avèk konsantman paran oswa fonksyonè lekòl bay yo alekri jou ki vini anvan yon jounen lekòl ak jiska minwi jou ki vin anvan yon jounen li pa gen lekòl avèk konsantman paran ba li alekri.
  - <sup>4</sup> Dispozisyon sa a pa aplikab pou minè k ap travay nan otèl pou moun pase vakans oswa nan restoran nan zòn kote moun ap pase vakans.

**EGZANP REZILTA AKADEMIK SATISFEZAN**

**TANPRI METE ANTÈT LEKÒL LA  
KI POU GENADRÈS LI**

**SÈTIPIKA REZILTA AKADEMIK**

\_\_\_\_\_, \_\_\_\_\_ lane, se yon  
(non minè a)

elèv nan \_\_\_\_\_ epi li toujou gen yon pèfòmans  
akademik satisfezan jan \_\_\_\_\_ lekòl la/distri lekòl la detèmine I.  
Sètifikasi sa a pèmèt \_\_\_\_\_ travay ant 10 :00 p.m. ak  
(non minè a)

12 :00 a.m. nan sware apre yon jounen lekòl avèk yon lèt pèmisyon paran/gadyen legal bay li,

Non Fonksyonè ki siyen sètifikasi a pou sètifye I : \_\_\_\_\_

Tit : \_\_\_\_\_

Distri lekòl leta : \_\_\_\_\_

Adrès lekòl la : \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

Telefòn lekòl la : \_\_\_\_\_

Dat: \_\_\_\_\_

Dat ekspirasyon sètifikasi a : \_\_\_\_\_

**THE UNIVERSITY OF THE STATE OF NEW YORK  
THE STATE EDUCATION DEPARTMENT  
ALBANY, NEW YORK 12234**

**APPLICATION FOR EMPLOYMENT CERTIFICATE**

See reverse side of this form for information concerning employment of minors.

All signatures must be handwritten in ink, and applicant must appear in person before the certifying official.

**PART I – Parental Consent** – (To be completed by applicant and parent or guardian)

Parent or guardian must appear at the school or issuing center to sign the application for the first certificate for full-time employment, unless the minor is a graduate of a four-year high school and presents evidence thereof. For all other certificates, the parent or guardian must sign the application, but need not appear in person to do so.

Date.....

I, .....  
[Applicant] Age .....  
[Social Security Number]

Home address .....  
[Full Home Address including Zip Code], apply for a certificate as checked below:

- Nonfactory Employment Certificate – Valid for lawful employment of a minor 14 or 15 years of age enrolled in day school when attendance is not required.
- Student General Employment Certificate – Valid for lawful employment of a minor 16 or 17 years of age enrolled in day school when attendance is not required.
- Full-Time Employment Certificate – Valid for lawful employment of a minor 16 or 17 years of age who is not attending day school.

I hereby consent to the required medical examination and employment certification as indicated above.

[Signature of Parent or Guardian]

**PART II – Evidence of Age** – (To be completed by issuing official only)

..... – Check evidence of age accepted – Document # (if any) .....  
[Date of Birth]

Birth Certificate	State Issued Photo	I.D. Driver's License	Schooling Record	Other..... [Specify]
-------------------	--------------------	-----------------------	------------------	-------------------------

**PART III – Certificate of Physical Fitness**

Applicant shall present a Certificate of Physical Fitness from a school or private physician. Said examination must have been given within 12 months prior to issuance of the employment certificate.

If the Certificate of Physical Fitness is limited, the issuing official shall issue a Limited Employment Certificate (valid for a period not to exceed 6 months unless the limitation noted by the physician is permanent, then the certificate will remain valid until the minor changes jobs. Enter the limitation on the employment certificate.

**PART IV – Pledge of Employment** – (To be completed by prospective employer)

Part IV must be completed only for: (a) a minor with a medical limitation; and (b) for a minor 16 years of age who is leaving school, and resides in a district (New York City and Buffalo) which require a minor 16 years of age who is not employed to attend school, according to Section 3205 of the Education Law.

The undersigned will employ ..... residing at .....  
[Applicant]

as .....  
[Description of Applicant's Work] at .....  
[Job Location]

for ..... days per week ..... hours per day, beginning ..... a.m. ..... p.m.

..... [Name of Firm]	Factory	ending..... [Address of Firm]	a.m. ..... p.m.
	Nonfactory		

Starting date .....  
[Telephone Number] .....  
[Signature of Employer]

**PART V – Schooling Record** – (To be completed by school official)

Part V must be completed only for a minor 16 years of age who is leaving school, and resides in a district (New York City and Buffalo) which require a minor 16 years of age to attend school, according to Section 3205 of the Education Law.

I certify that the records of .....  
[Name of School] .....  
show that .....  
[Name of Applicant] .....  
whose date of birth is .....  
is in grade .....  
[Signature of Principal or Designee]

**PART VI – Employment Certification** – (To be completed by issuing official only)

Certificate Number ..... Date Issued .....

[School or Issuing Center] ..... [Address] ..... [Signature of Issuing Official]

## ENFÒMASYON JENERAL

Elèv ka itilize yon sètifika travay (Pou fè travay ki pa yon travay factory, Pou fè tout kalite travay anjeneral eksepte travay ak ekipman danje, oswa Pou travay a tan plen), pou plasman nan tout djòb yonn apre lòt lalwa pèmèt dapre tip sètifika patikilye.

Yon sètifika travay ki pa pou fè yon travay factory valab pou 2 ane apati dat yo bay li a oswa jiskaske elèv la vin gen 16 lane, eksepte si se yon Sètifika travay limite. Yon Sètifika travay limite valab pou yon maksimòm 6 mwa amwenske gen restriksyon ke doktè a detekte pèmanan kidonk sètifika a ap rete valab jiskaske minè a chanje djòb. Se sèl anplwayè yo endike nan sètifika a ki ka aksepte l.

**Yon nouvo Sètifika pou Bon kondisyon fizik nesesè lè elèv ap aplike pou yon lòt kalite sètifika travay, si plis pase 12 mwa pase depi li te fè egzamen medikal pou travay.**

Yon anplwayè dwe kenbe sètifika a nan dosye pou tout tan minè a ap travay avèk li. Lè minè a pa nan travay la ankò, oswa lè sètifika travay la ekspire, anplwayè a dwe remèt minè a sètifika a. Otorite nan distri lekòl la ka anile yon sètifika pou rezon valab.

Yon minè k ap fè travay bay jounal, kòmès nan lari, travay nan fèm, oswa travay modèl, dwe chèche jwenn yon Pèmi pou Okipasyon espesyal.

Yo ka anplwaye yon minè ki gen 14 lane oswa yon minè ki pi gran kòm yon caddy, babysitter, oswa nan travay taporè pou netwaye lakou ak travay menaj lè 1 pa gen pou ale lekòl. Sètifika travay pou djòb sa yo pa obligatwa.

Yon moun oswa konpayi k ap anplwaye yon minè pou yon djòb ki pa egzije yon sètifika travay dwe mande minè a yon dokiman ki pou pwouve laj li.

## ENTÈDIKSYON TRAVAY

Yo pa ka anplwaye minè ki gen 14 ak 15 lane nan yon travay nan factory (eksepte pou fè *delivery* ak pou fè travay biwo nan yon pyès fèmè nan factory a), oswa nan kèk travay danje tankou : travay konstriksyon; pou ede nan travay otomobil; pou opere ekipman machin alave, machin pou kase materyèl an plizyè mòso, machin pou koupe materyèl, machin pou tranche materyèl, machin pou prese oswa machin pou melanje materyèl nan nenpòt etablisman; penti oswa netwayaj mi ki bay sou lari pou antretyen yon biling oswa estrikti yon biling; ak lòt okipasyon yo site nan Seksyon 133 Lwa Travay Eta Nouyòk.

Yo pa ka anplwaye minè ki gen 16 ak 17 lane nan kèk travay danje tankou : travay konstriksyon, asistan nan travay otomobil, travay sou divès kalite machin ki fonksyone ak kouran; ak lòt okipasyon yo site nan Seksyon 133 Lwa Travay Eta Nouyòk.

## LÈ TRAVAY

Yo pa ka anplwaye minè pandan lè yo dwe lekòl.

Yo pa ka anplwaye minè ki gen 14 ak 15 lane nan tout okipasyon (eksepte nan travay fèm ak delivery, oswa pou vann ak bay jounal):

### Lè lekòl ap fonksyone :

- plis pase 3 èdtan nenpòt jou lekòl, plis pase 8 èdtan jou lekòl p ap fonksyone, plis pase 6 jou nenpòt semèn, pou 18 èdtan pou pi plis pa semèn, oswa 23 èdtan pou pi plis pa semèn si elèv la nan yon pwogram travay sipèvize *Commissioner* a awouve pandan li lekòl.
- Apre 7 :00 p.m. oswa anvan 7 :00 a.m.

### Lè lekòl p ap fonksyone :

- plis pase 8 èdtan nenpòt jou, 6 jou nan nenpòt semèn, pandan 40 èdtan pou pi plis pa semèn.
- Apre 9 :00 p.m. oswa anvan 7 :00 a.m.

Sètifika sa a pa valab pou bay jounal, travay tè oswa travay modèl.

Yo pa ka anplwaye minè ki gen 16 ak 17 lane : -

### Lè lekòl ap fonksyone :

- plis pase 4 èdtan jou ki vin anvan jou lekòl; plis pase 8 èdtan jou ki pa vini anvan jou lekòl (paegzanz Vandredi, Samdi, Dimanch ak jou ferye), 6 jou nenpòt semè pandan 28 èdtan pou pi plis pa semèn.
- Ant 10 :00 p.m. ak 12 :00 minwi jou ki vin apre jou lekòl san konsantman paran oswa gadyen legal alekri ak yon sètifica pou travay akademik satisfezan ke lekòl minè a ba li (ki dwe siyen chak fen peryòd evalyasyon).
- Ant 10 :00 p.m. ak 12 :00 p.m (minwi) jou ki pa vin apre jou lekòl san konsantman paran oswa gadyen legal alekri.

**Lè lekòl p ap fonksyon :**

- plis pase 8èdtan nenpòt jou, 6 jou nan nenpòt semèn, pandan 48 èdtan pou pi plis pa semèn.

### **LWA EDIKASYON, SEKSYON 3233**

“Tout moun ki volontèman fè yon fo deklarasyon nan yon aplikasyon oswa nan papye ki gen pou wè ak yon aplikasyon li ranpli pou yon sètifica oswa pèmi travay kòm pou nenpòt kesyon ki gen pou wè ak Seksyon sa a nou mete la a, ki pou parèt nan nenpòt deklarasyon sou sèman *affidavit*, dosye, relvenòt, sètifica oswa pèmi, komèt yon krim.”

25-2760.52.2(250 Pkgs) 2/94

**EKSPLIKASYON EKSEPSYON YO**

1. Yon sètifika oswa pèmi travay pa nesesè pou fè travay yon *caddy* sou yon teren *golf*. Men, *caddy* a dwe gen omwen 14 lane.
2. Yon sètifika travay pa nesesè pou yon *babysitter*. Men, *babysitter* a dwe gen omwen 14 lane.
3. Yon pèmi pou travay nan yon fèm pa nesesè pou minè ki gen 16 ak 17 lane pou travay nan yon fèm.
4. Minè ki gen 14 ak 15 lane dwe gen yon sètifika travay pou travay nan yon estann fèmye oswa nan yon mache fèmye si yo pa pwodui plis pase 5 % bagay y ap vann yo nan fèm pwopriyetè estann oswa mache a. Si yo vann mwens pase 5 % bagay yo pa plante nan fèm pwopriyetè fèm lan, li obligatwa pou l genyen yon pèmi travay pou fèm. Yo mande tou yon pèmi pou minè 12 ak 13 lane yo anplwaye pou keyi *berries*, fwi, ak legim avèk men yo. Yon pèmi travay nan fèm pa nesesè pou yon minè 12 jiska 16 lane pou travay nan yon estann fèmye oswa yon mache fèmye ke paran, gadyen legal, granparan, matant, oswa tonton an posede oswa lwe.
5. Yon sètifika oswa pèmi travay pa nesesè pou minè ki gen 12 lane pou pi piti k ap travay pou paran yo swa nan fèm yo oswa lòt kote ki pa gen pou wè ak yon biznis.
6. Yon sètifika travay pa nesesè pou yon elèv kolej ki gen 16 oswa 17 lane k ap travay pou yon kolèj oswa inivèsite ki pa la pou fè pwofi oswa yon kongregasyon frè, yon kongregasyon mè, asosyasyon elèv, oswa asosyasyon pwofesè.
7. Yon sètifika travay pa nesesè pou yon minè ki gen 14 oswa 15 lane pou fè travay enfòmèl tankou travay lakou ak menaj nan kay oswa nan lokal yon òganizasyon ki pa la pou fè pwofi, oswa yon òganizasyon sivik, si l pa gen pou itilize machin ak motè. Minè 16 oswa 17 lane pa bezwen sètifika travay pou travay enfòmèl menmsi li gen pou itilize anjeneral machin ki gen motè pou l fè travay lakou oswa menaj. Kidonk, pou travay netwayaj gazon oswa pou travay jaden, kote yo gen pou itilize machin ak kouran, kote travay la enfòmèl (yo pa gen pou travay regilyèman, yo gen pou travay kèk fwa, san prevwa, san yo pa gen pou planifye, oswa san yo pa gen pou itilize yon metòd detèmine), egzijans pou yon sètifika travay depann de laj minè a.